

## Demann Amenajman pou Andikape

Pou w jwenn èd nan tribunal la pou yon andikap, fè konn sa pi bonè posib anvan dat ou gen randevou nan trinal la. Mande:

- Itilize fòmilè "Demann Amenajman" an, lè sa posib;
- Ou ka jwenn fòmilè a nan men yon grefye oswa sou sit entènèt Sèvis Jiridik la sou [www.courts.maine.gov/ada](http://www.courts.maine.gov/ada).  
Bay grefye a fòmilè oswa voye l pa imèl sou [accessibility@courts.maine.gov](mailto:accessibility@courts.maine.gov) oswa voye l pa lapòs bay Biwo Sèvis Jiridik la.
- Voye imèl bay [accessibility@courts.maine.gov](mailto:accessibility@courts.maine.gov); oswa
- Biwo Sèvis Jiridik la sou 207-822-0718 (Maine Relay 711).

Lè w mande èd pou andikap ou a, fè konnen:

- Ou gen yon andikap epi ki sa l ye;
- dat ou gen randevou nan tribunal la ak kote tribunal k ap trete dosye w la ye;
- ki èd egzak ou bezwen; epi
- poukisa w bezwen tip èd sa a.

Pa voye dosye medikal yo oswa dokiman medikal yo nan tribunal la jiskaske yo mande yo.

Y ap mande w enfòmasyon medikal sèlman si sa nesesè pou yo deside sou yon amenajman ki apwopriye. Nenpòt enfòmasyon medikal yo bay ap rete konfidansyèl epi y ap pataje yo si sa nesesè pou yo pran yon desizyon amenajman oswa si lalwa egzije sa.

## Bèt nan Tribunal la

Nou akeyi bét domestik nan tribunal eta Maine nan. Yon bét ki la pou ede se kapab yon chen oswa yon ti cheval yo drese pou l fè travay oswa fè kèk tach espesyalman pou yon moun ki andikape. Yo pa aksepte bét domestik nan palè jistis la. Chen konpayi yo, siveyans yo oswa sipò emosyonel yo se pa bét ki la pou ede ADA otorize

paske yo pa drese yo pou yo fè travay oswa kèk tach espesyal pou yon moun andikap. Y ap otorize chen konpayi yo, siveyans yo oswa sipò emosyonèl yo nan palè jistis la eksepte si yo fè Biwo Sèvis Jiridik la oswa Tribunal la demann nan alavans kòm yon mwayen adaptasyon, epi si jij la apwouye l.

## Manm Jiri pou Moun ki Andikape

Nou ankouraje moun ki andikape pou yo patisipe nan manm jiri a sou baz enpòtans sa genyen pou manm jiri ki nan sistèm jistis nou an, piske yo pa tou mete yo aleka nan manm yo.

Lè yo kontakte yon moun ki andikape pou l vin manm jiri, li ka mande yon amenajman apwopriye, l ap ekri demann li an sou fòmilè kalifikasyon jiri l la oswa souu fòmilè demann amenajman pou andikap la lè l rele biwo grefye a oswa lè l kontakte Biwo Sèvis Jiridik la.

Yon moun ki andikape ka mande pou yo pa mete l sou sèvis lè l kontakte biwo grefye a epi li bay yon nòt yon doktè ba li oswa lòt dokiman apwopriye yon pwofesyonèl lasante ba li pou yo ka retire l nan manm jiri yo.

## Kontak

Biwo Administratif Tribunal yo


Biwo Sèvis Jiridik

P.O. Box 4820, Portland, ME 04112-0792

[accessibility@courts.maine.gov](mailto:accessibility@courts.maine.gov)

(207) 822-0718 or Maine Relay 711

# Sèvis Jiridik pou Moun ki Andikape: Fason pou yo Mande Amenajman



Pou plis enfòmasyon sou amenajman pou moun ki andikape yo, ale sou [www.courts.maine.gov/ada](http://www.courts.maine.gov/ada)

[www.courts.maine.gov](http://www.courts.maine.gov)

## Tribinal Eta Maine nan ak ADA a

Tribinal eta Maine nan respekte dwa w annakò ak Lwa sou Ameriken ki Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA) ak Lwa sou Dwa Moun nan Maine (Maine Human Rights Act, MHRA). Chak tribinal gen paking yo, trajè yo, sal odyans yo ak twalèt pou moun ki konn itilize aparèy pou deplasman pèsònèl tankou wòkè, chèz woulant manyèl ak chèz woulant elektrik.

Epitou, Sèvis Jiridik nan Maine nan ap ede moun ki gen andikap pou yo ka prezan nan tribinal la epi frekante l'yon fason ki korèk e ki itil. Tribinal yo ap bay èd ak sèvis gratis pou moun ki andikape pou yo ka gen aksè ale nan randevou yo gen nan tribinal la. Epitou, tribinal la ka chanje oswa (ajiste) sèvis jiridik yo, nan mezi sa posib, pou yo ka ede yon moun akoz andikap li. Yo konnen èd sa a tou sou non "amenajman apwopriye" oswa "amenajman nan kad andikap."

## Kiyès ki Ka Benefisyè Amenajman nan kad Andikap la?

Tribinal la ka bay èd oswa sèvis oswa chanje sèvis jiridik yo pou yon moun ki gen yon pwoblèm fizik oswa mantal ki mete limit nan youn oswa plizyè aktivite nan lavi a tankou mache, wè, tande oswa pale.

## Aksè ak Ekipman Jiridik yo

Tribinal la pwomèt aksè ak paking palè jistis la, antre a, sal odyans yo ak twalèt yo. Tanpri, kontakte grefye a oswa Biwo Sèvis Jiridik la sou accessibility@courts.maine.gov oswa 207-822-0718 (Maine Relay 711) si w gen kesyon sou fason pou w al nan tribinal la an pèsòn.

Si w wè ou p ap ka prezante nan tribinal la an pèsòn akoz andikap ou a, ou ka mande tribinal la pou w fè sa pa Zoom oswa pa telefòn. Pou w fè sa, ou dwe ranpli fòmilè Demann Lòt Fòma pou Entèvansyon Jiridik (Fòmilè MJB CR-CV-FM-260), bay lòt pati ki nan dosye w la fòmilè a ranpli, epi depoze l'nan biwo grefye a (kit se an pèsòn kit se pa lapòs) **anvan** dat ou gen randevou nan tribinal la.

Si w wè ou p ap ka prezante nan tribinal la **nan dat ou gen randevou a**, pou kèlkeswa rezon an, sa gen ladan l'rezon medikal yo, ou ka mande tribinal la pou l'avanse dat ou gen randevou a. Pou w fè sa, ou dwe ranpli fòmilè Demann pou Kontinye a (Fòmilè MJB CR-CV-FM-JV-PA-PC-286), bay lòt pati ki nan dosye w la fòmilè a ranpli, epi depoze l'nan biwo grefye a (kit se an pèsòn kit se pa lapòs) anvan dat ou gen randevou nan tribinal la.

Fòmile yo disponib sou sit entènèt Sèvis Jiridik nan Maine nan oswa nan nenpòt biwo grefye.

## Èd ak Sèvis

### Èd ak sèvis nan tribinal la ka gen ladan l:

**Aparèy pou ede w tande, yo konnen sou non "èd pou ede moun koute (assistive listening)"—tanpri, pale ak yon grefye oswa yon marechal sou aksè ak aparèy sa yo lè w rive;**

**Fòma tankou gwo karatè, Bray, nimerik oswa odyo;**

**Soutitraj pou randevou nan tribinal la, pa mwayen Aksè pa Odinatè Tradiksyon nan Tan Reyèl (Computer Access Real-time Translation, CART) oswa soutitraj kode [closed captioning, CC];**

**Entèprèt nan lang siy; epi**

**Otorizasyon pou w jwenn èd nan men yon moun ki konn bay sipò pèsònèl.**

## Ki Èd ou Ka Jwenn nan Tribinal la

Tribinal yo ap bay amenajman ki apwopriye epi y ap fè chanjman ki rezonab nan sèvis yo, men lalwa **pa** mande Sèvis Jiridik la pou l'ajian fason sa yo:

- Chanje kalite sèvis jiridik la;
- sa koute twò chè;
- sa twò difisil pou w pran plas ou, oswa ou pa ka pran plas ou; oswa
- chanje sa lalwa mande sou yon dosye.

Menm pou moun ki gen andikap, tribinal la:

- **Pa** gen sèvis avoka, pa fè rechèch legal, pa bay konsèy legal, epi nou bay sèvis entèpretasyon legal;
- **pa** gen chèz woulant, aparèy pou ede w tande, ak linèt oswa lòt ekipman pèsònèl;
- **pa** monte chez woulant, pa ede moun pouse chez woulant, pa ka ede moun fikse aparey pesonel pou yo tande, epi li pa bay lot swen pesonel;
- **pa** bay transpò pou fè ale vini nan palè jistis la oswa lòt sèvis pèsònèl;
- **pa** gen lektè pou itilizasyon oswa etid pèsònèl;
- **pa** ka avanse yon dat randevou nan tribinal la, pa mwayen yon "demann pou kontinye" alekri, plis pase yon fwa san **yo pa bay** yon motif ki valab; epi
- **pa** ka pwolonje dat limit lalwa fikse.